

## Eskript sou Dewoulman Ijans Sante Piblik la

### Rezime Pwoblèm nan

Gen gwo chanjman ki ap gen pou fèt. Nouvo règleman federal yo pral mande pou Eta New York la kòmanse redetèmine kritè kalifikasyon pou moun k ap enskri nan pwogram piblik yo pou Prentan 2023 a. Moun k ap enskri nan Medicaid, Child Health Plus (CHP) ak Essential Plan (EP) pa t konn bezwen renouvle asirans sante yo depi nan kòmansman ane 2020 poutèt egzijans pèmanan pou kouvèti asirans nan kad ijans sante piblik (PHE) COVID-19 la pwogram piblik sa yo t ap fè a, ki se egzijans Lwa Mas 2020 sou Entèvansyon pou Kowonaviris ki bay Fanmi Premye Priorite a te adopte. Sepandan, Lwa sou Apwopriasyon Konsolide Desanm 2022 a ajoute nouvo règleman ki pral anile egzijans kouvèti pèmanan yo apati kòmansman sezon prentan 2023 a.

Apati kòmansman sezon prentan 2023 a, gen avi sou renouvèlman ki ap ale jwenn moun k ap enskri nan pwogram sa yo dapre dat limit enskripsyon moun sa yo genyen yo. Avi renouvèlman yo pral genyen ladan yo dat limiit pou aji nan lide pou renouvle asirans yo oswa dat limit pou vin gen yon risk entèval san avantaj nan kouvèti yo a. Dat limit yo pral baze sou dat limit enskripsyon moun ki ap enskri yo epi yo pral kòmanse nan dat 30 jen 2023 rive nan dat 31 me 2024.

### Kesyon ak Repons

#### **Kesyon: Kijan mwen kapab prepare pou chanjman sa a?**

Si ou te enskri atravè NY State of Health: Asire ou NY State of Health gen adrès postal, nimewo telefòn ak adrès imèl aktyèl ou yon fason pou yo ka kontakte ou konsènan asirans sante ou a. Pou mete enfòmasyon ou yo ajou:

- Rele NY State of Health nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)
- Antre sou kont ou nan [nystateofhealth.ny.gov](https://nystateofhealth.ny.gov), oswa
- Kontakte yon asistan pou enskripsyon an. Si ou pa genyen youn, ou ka jwenn youn nan <https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor>.

Enskri pou NY State of Health voye mesaj tèks SMS/MMS kòm notifikasyon pou ou yon fason pou ou pa rate mizajou enpòtan sou asirans sante ou a, tankou dat pou w renouvle asirans ou. Pou ou enskri, ekri START voye bay 1-866-988-0327.

Si w te enskri atravè Depatman Lokal Sèvis Sosyal (Local Department of Social Services, LDSS) oswa Administrasyon Resous Imèn Vil New York (New York City Human Resources Administration, HRA): asire ou ke adrès ou, nimewo telefòn ou ak lòt enfòmasyon pou kontakte w yo ajou ak LDSS ou a oswa HRA ou a.

- Nimewo telefòn ak adrès pou chak LDSS ak HRA disponib nan [https://health.ny.gov/health\\_care/medicaid/ldss.htm](https://health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm).

**Kesyon: Kijan m ap fè konnen li lè pou m renouvle asirans sante mwen an?**

W ap resevwa yon avi ak lòt komunikasyon lè li lè pou ou renouvle asirans sante pou tèt ou ak/oswa manm fanmi ou. Suiv enstriksyon yo anvan dat yo site nan avi w la.

**Kesyon: Ki kote mwen kapab jwenn enfòmasyon sou dat limit enskripsyon mwen an?**

Ou pral resevwa avi renouvèlman w lan anvan dat limit enskripsyon w lan. Dat limit enskripsyon ou a se dat kouvèti asirans ou a pral fini a si ou pa suiv enstriksyon ki sou avi renouvèlman w la.

- Si ou enskri nan Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan gras ak NY State of Health, ou kapab jwenn dat limit enskripsyon w lan nan fason sa yo:
  - Konekte sou kont NY State of Health ou nan [www.nystateofhealth.ny.gov](http://www.nystateofhealth.ny.gov), epi apre sa a klike sou onglè "Plans" [Plan] ann pati anlè ekran an.
  - Rele Sant Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-855-355-5777.
  - Kontakte asistan pou enskripsyon w lan. Si ou poko ap fè demach yo ansanm ak yon asistan enskripsyon, jwenn youn nan <https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor>.
- Si w te deja enskri nan Medicaid gras ak Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, LDSS) konte ou a oswa Administrasyon Resouzimèn (HRA) Vil New York la, ou kapab kontakte biwo sa a pou mande kilè dat limit ou an ap tonbe. W ap jwenn enfòmasyon kontak sou [https://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/ldss.htm](https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm).

**Kesyon: Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?**

- Si ou te enskri nan Medicaid, Child Health Plus oswa nan Essential Plan gras ak NY State of Health, rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220) pou nenpòt kesyon ou genyen. Ou ka aprann plis sou sa tou nan <https://info.nystateofhealth.ny.gov/COVID-19-Changes>.
- Si ou te enskri nan Medicaid atravè Depatman Lokal Sèvis Sosyal (Local Department of Social Services, LDSS) Konte ou a oswa Administrasyon Resous Imèn Vil New York (New York City Human Resources Administration, HRA), [kontakte biwo sa a](#) pou nenpòt kesyon ou genyen. Ou ka aprann plis sou sa tou nan [https://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/changes](https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/changes).